



Pou Piblikasyon Imedya: 18/12/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

LARI AK METWO KI PI AN SEKIRITE: GOUVÈNÈ HOCHUL, MTA AK RESPONSAB FÒS DE LÒD BAY MIZAJOU SOU SEKIRITE NOUYÒKÈ YO NAN METWO ANVAN FÈT YO

250 manm adisyonèl Gad Nasyonal Nouyòk deplwaye nan Vil Nouyòk pou ranfòse sekirite

Gouvènè a akselere enstalasyon kamera sekirite yo nan chak machin metwo, 100 pousan konplè avèk plis pase 15,000 kamera enstale

Baze sou plan solid senk pwen Gouvènè a pou sekirite metwo yo, enkli investisman nan ekip sansibilizasyon sante mantal

Depi janvye 2021, krim nan metwo yo te diminye a 42 pousan epi kantite pasaje yo te ogmante a 148 pousan

Anvan fèt fen ane a, Gouvènè Kathy Hochul te enfòmè jodiya Nouyòkè yo ansanm ak Direktè Egzekitif Jeneral (Chief Executive Officer, CEO) Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an, Janno Lieber, ak fòs de lòd yo, sou efò yo k ap kontinye pou ogmante sekirite nan sistèm metwo yo pou tout pasaje yo. Depi [lè yo te anonse yon plan sekirite solid senk pwen pou metwo yo](#) an mas ane sa a, krim nan sistèm transpò vil Nouyòk la diminye a 10 pousan. Depi janvye 2021, krim nan metwo a te diminye a 42 pousan an total tandiske kantite pasaje yo nan sistèm nan te ogmante a 148 pousan. Nan kad efò kontinyèl sa a pou rann sistèm metwo a pi an sekirite pou pasaje yo, Gouvènè Hochul te bay lòd pou deplwaye 250 manm adisyonèl Gad Nasyonal Nouyòk nan Gwoup Travay Konjwen - Empire Shield (Joint Task Force - Empire Shield, JTF-ES). Gouvènè a te anonse tou ke Otorite Transpò Metwopolitèn nan te enstale 15,396 kamera sekirite ki enkli kounye a nan 100 pousan tout machin nan metwo yo.

"Nan kòmansman ane sa a, mwen te pwomèt pou m rann metwo nou yo pi an sekirite pou plizyè milyon moun ki pran tren yo chak jou, e jodia n ap kontinye efò nou yo pandan n ap voye plis manm Gad Nasyonal sou teren an epi enstale kamera sekirite sou chak machin," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè n travay men nan men ak Otorite Transpò Metwopolitèn ak Vil Nouyòk la, n ap dekouraje krim, n ap rann li pi an sekirite pou tout pasaje yo epi n ap retabli konfyans piblik la nan sistèm nan."

Nan mwa mas, Gouvènè Hochul te anonse yon plan senk pwen ki t ap itilize resous eta a pou ogmante sekirite pasaje yo nan metwo yo. Plan sa a gen ladan deplwaman manm Gad Nasyonal adisyonèl, akselere enstalasyon kamera sekirite Otorite Transpò Metwopolitèn nan tout sistèm nan, ranfòse kowòdinasyon ant Vil la ak Eta a, ak elaji pwogram sansibilizasyon sante mantal ki gen ladan kantite ekip Sansibilizasyon Ko-entèvansyon pou Metwo (Subway Co-Response Outreach, SCOUT) ak ekip Sipò Opsyon Sekirite (Safe Options Support, SOS).

Pasaje nan metwo yo te ogmante a senk pousan an 2024 konpare ak 2023 e kontinye atenn nivo rekò yo — jedi 12 desanm ki sot pase a, yo te rive bat yon rekò 4.5 milyon pasaje nan yon sèl jou aprè pandemi a. Kòm kantite pasaje yo kontinye ap ogmante, ranfòse mezi sekirite yo nesese pou asire byennèt ak pwoteksyon chak pasaje ki antre nan sistèm nan. Depatman Lapolis Otorite Transpò Metwopoliten (MTA Police Department), Depatman Lapolis Nouyòk (New York Police Department, NYPD) ak Gad Nasyonal la pral travay ansanm pou kontwole estasyon yo frekante plis yo nan vil la epi anpeche menas sekirite nan metwo yo. Pwoteje sistèm metwo yo ak pasaje li yo se sèl mwayen pou kenbe sikilasyon an nan Nouyòk.

Anplis de pwoteksyon pasaje yo, plan senk pwen Gouvènè a te poze yon baz solid pou amelyore sekirite ak pwoteksyon travayè transpò piblik yo atravè Vil Nouyòk. Gouvènè Hochul angaje l pou asire sekirite plis pase 40,000 manm seksyon lokal 100 TWU ak lòt travayè transpò piblik ki fè avanse vil nou an.

Manm Gad Nasyonal adisyonèl yo te deplwaye nan estasyon metwo ki pi frekante nan vil la

Gouvènè Hochul te deplwaye 250 manm Gad Nasyonal adisyonèl nan Nouyòk pou ranfòse sekirite nan Vil Nouyòk atravè Gwoup Travay Konjwen - Empire Shield. Gwoup Travay Konjwen Empire Shield se yon eleman nan Divizyon Zafè Militè ak Naval (DMNA) ki responsab an pati defans militè Vil Nouyòk, sitou pou dekourajman ak prevansyon menas sekirite entèn yo. Li konpoze de pèsonèl Gad Nasyonal Lame Nouyòk, Gad Nasyonal Aeryèn Nouyòk, Gad Nouyòk ak Milis Naval Nouyòk.

Enstalasyon kamera sekirite nan chak machin te fèt

Anba direksyon Gouvènè Hochul, Otorite Transpò Metwopoliten an akselere enstalasyon kamera sekirite li yo nan tout sistèm nan — tankou espas kliyan tren yo pou pwoteje pasaje yo ak kabin kondiktè yo pou pwoteje anplwaye MTA yo. MTA te enstale kamera sekirite nan tout machin yo nan metwo yo atravè sistèm nan.

Amelyore kowòdinasyon ant vil la ak eta a sou mezi sekirite yo

Nan kad plan senk pwen an, Gouvènè Hochul te angaje pou òganize reyinyon regilye ant pati konsène yo pou kowòdone pataj enfòmasyon yo epi asire ke delenkan danjere ak repete nan sistèm lan responsab. Fòs de Lòd, pèsonèl transpò piblik yo ak pwokirè yo te reyini regilyèman pou pataje enfòmasyon yo epi travay an kolaborasyon pou rann delenkan yo responsab. Efò sa a te ede avoka distri yo nan travay yo a epi anpeche delenkan vyolan sikile nan metwo yo. Reyinyon sa yo pral kontinye nan ane 2025

pandan pati konsène yo ap travay pou garanti sekirite metwo nou yo pou plizyè milyon moun ki regilyèman itilize sistèm transpò piblik nou an.

Pwogram SCOUT ak SOS

Inisyativ sante mantal yo se yon priyorite enpòtan pou Gouvènè Hochul nan kad plan solid nan senk pwen ki vize pou diminye krim nan metwo yo. Gouvènè Hochul te etabli ak sipòte ekip SCOUT ak Sipò Opsyon Sekirite (SOS) atravè sistèm nan pou trete ka ki pi grav nan kriz sante mantal ki prezante nan estasyon metwo yo. Nan mwa mas, Gouvènè Hochul te debloke 20 milyon dola pou elaji pwogram pilòt ekip SCOUT la — an patenarya ak Vil Nouyòk ak MTA — epi pote kantite total ekip SCOUT entèvansyon rapid yo rive 10 nan fen 2025. Efò sa a ap kontinye.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Gras a patenarya solid nou an ak Gouvènè Hochul epi Majistra Adams, n ap travay pou asire sistèm transpò piblik la non sèlman an sekirite, men pou Nouyòkè yo santi yo pwoteje. Rezilta yo ta dwe pèmèt Nouyòkè yo gen konfyans nan sezon fèt fen ane sa a pandan n ap kontinye bay sèvis eksepsyonèl — ak plis sèvis — nan metwo ak chemennfè yo."

Jeneral Adjwen Gad Nasyonal Nouyòk, Majò Jeneral Ray Shields, te deklare, "Gason ak Fanm Gad Nasyonal Nouyòk yo fyè pou yo sipòte efò Gouvènè Hochul pou asire pwoteksyon ak sekirite Nouyòkè parèy nou yo. Nou fyè dèske n ap travay avèk Otorite Transpò Metwopoliten an, Lapolis Eta Nouyòk ak Depatman Lapolis Nouyòk epi lòt patnè fòs de lòd nou yo pou rann sistèm transpò piblik la vin pi an sekirite."

Prezidan TWU Local 100, Richard Davis, te deklare, "Travayè transpò piblik yo konprann pi byen pase nenpòt moun enpòtans yon anviwònman travay ki pwoteje ak an sekirite. Angajman Gouvènè Hochul - soti nan ogmantasyon pèsonèl sekirite pou asire ke chak machin nan metwo yo gen kamera - voye yon mesaj pisan kote tout moun ki antre nan sistèm transpò piblik nou an ka santi yo pwoteje. Nou enpasyan pou nou kontinye travay nou an avèk Gouvènè a, Otorite Transpò Metwopoliten nan, ak fòs de lòd yo pou ba nou lapè lespri ke nou merite."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)